

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Bangsa nu luhung nya éta bangsa nu ngajénan kana ciri has budayana. Indonesia salah sahiji nagara nu beunghar ku kabudayaan. Méh di unggal suku bangsa, miboga ciri has budayana sorangan. Kabudayaan miboga harti anu jembar pikeun hirup kumbuh manusa. Numutkeun Koentjaraningrat (2000: 80)

“Budaya adalah keseluruhan sistem gagasan, tindakkan dan hasil karya manusia dalam rangka kehidupan masyarakat yang dijadikan milik diri manusia dengan cara belajar.”

Manusa mangrupa mahluk nu ngabudaya. Ngaliwatan akalna, manusa mikir nepi ka ngahasilkeun kabudayaan nu tumuwuh jeung mekar dina kahirupan masarakat. Masarakat jeung kabudayaan mangrupa dua kecap nu bédha tapi teu bisa dipisahkeun, sabab antara masarakat jeung kabudayaan miboga hubungan nu raket. Kabudayaan minangka hasil tina pamikiran jeung paripolah masarakat, kitu ogé éksisténsi masarakat balukar tina ayana kabudayaan.

Dina enggonging hirup kumbuhna, manusa moal leupas tina kabudayaan. Dina kahirupan sapopoé di masarakat, manusa sok ngalakonan hiji kabiasaan, boh kabiasaan nu hadé boh kabiasaan nu goréng. Sagala rupaning kabiasaan nu hadé tuluy diaku, diturutan, jeung dilakonan ku unggal jalma nepi ka jadi hiji dadasar dina patali marga jeung jalma réa. Ieu hal ngabalukarkeun ayana kaidah jeung norma di masarakat nu tuluy disebut adat-istiadat.

Adat-istiadat hiji masarakat tangtu bakal bédha jeung adat-istiadat masarakat séjénna, ku sabab adat-istiadat ditangtukeun ku tujuan jeung pangabutuh masarakatna gumantung kana kabiasaan nu disapukan di masarakatna séwang-séwangan. Pangaruh masarakat kana éksisténsi adat-istiadat gé kacida gedéna sabab salila aya pangrojong ti anggota masarakat nu makéna, éta adat-istiadat bakal tuluy mekar jadi hiji kabeungharan budaya dina kahirupan masarakatna. Sabalikna, mun euweuh pangrojong jeung nu maké éta adat-istiadat

tangtu bakal robah atawa tumpur. Patalina masarakat jeung adat-istiadat numutkeun Koentjaraningrat (2009: 118) nya éta

“Masyarakat adalah kesatuan hidup manusia yang berinteraksi menurut suatu sistem adat-istiadat tertentu yang bersifat kontinu, dan yang terikat oleh suatu rasa identitas bersama.”

Salah sahiji wewengkon di Jawa Barat nu masih kénéh kuat nyekel pageuh adat-istiadat warisan ti luluhurna nya éta Kampung Naga. Masarakat Kampung Naga mangrupa komunitas masarakat Sunda nu aya di Jawa Barat. Perenahna di Désa Neglasari, Kacamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya. Nu ngabédakeun Kampung Naga jeung kampung-kampung séjéenna nya éta pola kahirupanana.

Pola kahirupan masarakat Kampung Naga masih kénéh nyekel pageuh kana tradisi jeung papagon hirup nu diwariskeun. Dina hirup kumbuh sapopoéna, masarakat Kampung Naga turut tumut kana aturan nu ngajanggélék dina wangu adat, nu ngawengku kabiasaan, kawajiban, jeung pantrangan-pantrangan atawa pamali (tabu) nu mangrupa papagon hirup dina laku lampahna di masarakat. Éta aturan téh dianggap sakral, sabab datangna ti luluhurna nu mangrupa warisan tittinggal karuhun nu memang kudu dijaga ogé dipaliré pikeun kasaimbangan hirup jeung papadana ogé alam sabudeureunna.

Masarakat Kampung Naga miboga sistem kamasarakanataw organisasi sosial nu geus tangtu jeung lumangsung ti sababaraha taun ka tukang. Sistem anu teu robah ti mangsa ka mangsa sarta masih dipaké nepi ka kiwari. Sistem kamasarakanataw nu aya di Kampung Naga nya éta sistem *kekerabatan* jeung sistem pamaréntahan. Sistem *kekerabatan* nya éta sistem nu aya patalina jeung kulawarga, nu ngawengku Bapa, Indung, jeung Budak, Ari sistem pamaréntahan disebut ogé sistem kapamingpinan dina organisasi sosial nu aya di Kampung Naga. Sistem pamaréntahan ngawengku sistem pamaréntahan formal jeung informal. Sistem formal nu ngawengku RT (Rukun Tetangga) jeung RW (Rukun Warga) nu pancénnna pikeun ngungkulon sagala pasualan nu aya patalina jeung administrasi ogé program pamaréntah, ari sistem informal anu disebut ogé sistem kuncén atawa pupuhu adat Kampung Naga katut réngrénganana nu miboga pancén pikeun ngurus hal-hal nu aya patalina jeung adat-istiadat ogé tradisi

warisan tittinggal luluhurna. Ayana ieu dua kapamingpinan, teu ngabalukarkeun pagiling gisikna dina mancén gawé, sabab dina prak-prakanana miboga pancén jeung tanggung jawab anu bédha. Ngan miboga tanggung jawab nu sarua pikeun ngamumulé tur ngawariskeun adat istiadatna ka generasi satulunya di éta patempatan.

Kabiasaan jeung aturan hirup nu dilakonan ku sakabéh warga masarakat Kampung Naga teu leupas tina peran kolot jeung masarakat dina ngawariskeunana. Mangrupa hiji bukti yén prosés pawarisan adat-istiadat di masarakat masih kénéh lumangsung, boh ti kolot ka budakna boh ti masarakat ka anggota masarakat séjénna. Kulawarga mangrupa unsur nu pangheulana dina prosés tatalépa adat-istiadat, sabab kabudayaan lain hiji hal nu geus ngajadi tapi balukar tina prosés diajar. Kitu ogé masarakat mangrupa agén pangwaris kabudayaan nu gedé pangaruhna kana kahirupan masarakat séjénna. Sagala rupa adat-istiadat nu diwariskeun miboga ajén atikan anu gedé mangpaatna pikeun mekarkeun jiwa, ahlak, jeung moral sarta tumuwuhna kaparigelan, karancagéan, jeung paripolah anu bakal ngawangun hiji sikep nu hadé dina mangsa nu bakal datang. Ku kituna kudu aya tarékah ti kulawarga jeung masarakat pikeun ngawariskeun tradisi nu aya dumasar kana ajén atikanana, sangkan barudakna dina mangsa nu bakal datang ngarti tur surti yén sagala tradisi nu aya miboga ajén atikan nu luhung pikeun kahirupanana.

Panalungtikan ngeunaan kumaha tarékah kulawarga, jeung masarakat, ngawariskeun adat-istiadatna dumasar kana ajén atikan wewengkonna séwang-séwangan mémang can aya nu kungsi nalungtik. Panalungtikan saméméhna nu sarua medar ngeunaan Kampung Naga eusina ukur médar ajén éstétika wangu imah anu aya di Kampung Naga anu dijudulan *Ajén Éstétika dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Naga Désa Néglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Ajar Maca Artikel Budaya Kelas XII* (Dewi Kania: 2013). Nilik kana ieu hal, ngahudang kapanasaran nu nulis pikeun nalungtik kumaha prosés ngawariskeun adat-istiadat ti kulawarga jeung masarakat di Kampung Naga. Hususna ajén atikan nu nyoko kana nilai ogé karakter masarakatna. Dina ieu panalungtikan teu ngan ukur medar ngeunaan ajén atikanana tapi médar ogé

ngeunaan cara ngawariskeunana. Sabab kuatna karakter hiji bangsa pangaruh tina kuatna ngarumat adat-istiadat nu diwariskeun.

Pentingna ieu panalungtikan pikeun tetep ngaraksa ogé ngariksa adat-istiadat di Kampung Naga dumasar kana ajén atikanana, hususna di jaman kiwari nu sarwa modérn. Pangaruh modérnisasi méh kuat mangaruhan kana nilai-nilai tradisi nu dijaga ku luluhurna. Ku kituna, mikabutuh tarékah-tarékah anu dilakukeun sacara tuluy-tumuluy, kaasup ngungkab kumaha tarékah kulawarga jeung masarakat bisa mérthahaneun adat-istiadat ti luluhurna ka turunanana atawa ka generasi nu ngorana. Ieu panalungtikan jadi hiji tarékah pikeun ngarumat ajén-ajén tradisi di Kampung Naga.

Dumasar kana pedaran di luhur ieu panalungtikan téh dijudulan “*Sistem Ngawariskeun Ajén Atikan Kulawarga jeung Kamasarakatan di Kampung Naga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA.*”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ajén-inajén anu nyangkaruk dina adat-istiadat di Kampung Naga loba pisan. Ngawengku ajén atikan, ajén falsafah, ajén simbolis, ajén éstétis, jrrd. Dumasar kana kasang tukang di luhur, lega pisan masalah anu perlu ditalungtik téh. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan rék ngadéskripsiéun ngeunaan cara ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan nu aya di Kampung Naga.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu geus dipedar di luhur, sangkan masalah nu dipedar leuwih museur, ieu di handap dijéntrékeun rumusan masalah nu ditalungtik.

- 1) Kumaha Sistem Kamasarakatan nu aya di Kampung Naga?
- 2) Kumaha pola kahirupan jeung adat-istiadat di kulawarga jeung masarakat Kampung Naga?
- 3) Ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan naon waé nu aya dina

kahirupan masarakat Kampung Naga?

- 4) Kumaha sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga?
- 5) Kumaha bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA ngeunaan sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta maluruh katut meunangkeun konsép hirup nu luyu jeung hadé ku cara neuleuman gaya hirup masarakat Kampung Naga, utamana kana sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga nu mangaruhan kana karakter masarakatna.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) sistem Kamasarakatan nu aya di Kampung Naga;
- 2) kumaha pola kahirupan jeung adat-istiadat di kulawarga jeung masarakat Kampung Naga;
- 3) ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan nu aya dina kahirupan masarakat Kampung Naga;
- 4) kumaha sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga; jeung
- 5) nyieun alternatif bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara tioritis, dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban jeung leuwih ngagambarkeun sacara jéntré ngeunaan tiori kabudayaan, katut unsur-unsur kabudayaanana, ogé dipiharep bisa ngamotivasi panalungtik séjén pikeun nalungtik anu leuwih jero ngeunaan kabudayaan

hususna sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat ieu panalungtikan secara praktis, hususna pikeun nu nulis, masarakat, lembaga, atawa pihak-pihak séjén nu aya kapéntingan kana ieu panalungtikan, dipiharep bisa muka wawasan masarakat, bisa nambah pangaweruh ngeunaan kabudayaan, ngamotivasi masarakat sangkan ngamumulé ogé ngarumat kana ajén-inajén nu nyangkaruk dina unsur-unsur kabudayaan, méré kasadaran ka masarakat umum hususna generasi ngora ngeunaan pentingna kabudayaan dipimilik ku sélér-sumélér bangsa pikeun hirup kumbuh di masarakat sapopoé.

Kumaha tarékah kulawarga jeung masarakat ngatik sarta ngalarapkeun adat-istiadat ka generasi nu rék datang dumasar kana ajén atikanana dina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun kualitas kahirupan. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa jadi sumber diajar siswa di sakola pikeun ngeuyeuban pangaweruhna ngeunaan kabudayaan, ku cara nambah alternatif bahan ajar ogé modél diajar maca artikel budaya di SMA.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan ditataan saperti kieu.

- 1) Sistem kamasarakatan téh kaasup salah sahiji unsur-unsur kabudayaan.
- 2) Kahirupan masarakat adat kampung Naga Masih kénéh nyekel pageuh kana adat-istiadat jeung budaya tradisi titinggal karuhun nu sifatna masih tradisional.
- 3) Masarakat Kampung Naga ngabogaan sistem atawa carana sorangan dina ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan.
- 4) Perluna ngawaiskeun adat-istiadat dina ngawangun nilai jeung karakter individu ti generasi kolot ka generasi ngora, boh ngaliwatan kulawarga boh kamasarakatan, nu nyangkaruk dina wangun ajén inajén.

5) Pentingna ngawanohkeun adat-istiadat masarakat Kampung Naga ka siswa.

1.6 Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I bubuka, anu eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung raraga nulis.

Bab II tatapakan tiori, anu eusina ngébréhkeun tiori-tiori ngeunaan kabudayaan, ajén atikan, jeung bahan pangajaran maca.

Bab III métodologi panalungtikan, anu ngawengku sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan istilah, instrumént panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Eusina ngawengku prak-prakan panalungtikan, nganalisis data hasil panalungtikan jeung medar ngeunaan sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga pikeun bahan pangajaran artikel budaya di SMA.

Bab V panutup, anu eusina kacindekan hasil panalungtikan sarta saran pikeun panalungtikan satulunya.